


Pwosis Enskripsyon pou Kan Ete


1. Eskane Kòd QR la oswa klike lyen (link) ki anba a.
 - a. <https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/afterschool>




2. Anba "Summer Camp", chwazi "Request Enrollment"



3. Si w genyen yon Kont Eleyo ki egziste deja, tanpri siyen epi itilize imèl ak modpas ou. Si w nouvo nan Eleyo, tanpri chwazi Create an Account pou kreye pwofil ou. Yo pral mande w pou ajoute enfòmasyon pitit ou pita nan pwosis la.



4. Lè sa a, y ap mennen w nan pwosis enskripsyon nan Kan Ete a. Si w genyen yon Kontra ki egziste deja nan Eleyo, seleksyone timoun nan. Si pitit ou a pa nan lis la, klike Add New Child (gade imaj ki nan lòt paj la).



5. Lè w fin seleksyone pitit ou a, klike sou Looks Good. Start Registering.



6. W ap bezwen ranpli Enfòmasyon sou Timoun nan, Kontak pou Ijans/Moun ki Otorize pou Vin Chèche, Lokal (kote pitit ou a prale pou kan ete), Tèm, Orè, Kesyon ak Enfòmasyon Finansye.


7. Ou pral resevwa yon imèl pou fè w konnen yo te soumèt Demann Kontra w la epi y ap tann apwobasyon anplwaye yo epi yo pral revize nan lòd yo te resevwa yo. Depi yo fin apwouve kontra w la, w ap resevwa yon imèl ki konfime demann kontra w la.

8. Depi w fin ranpli pwosesis enskripsyon an atravè Eleyo epi w fin peye frè enskripsyon an, w ap bezwen kontakte direktè kan ete a pou plis fòm ki dwe ranpli.

9. Lè yo fin peye frè enskripsyon an, yo apwouve kontra a epi yo resevwa tout fòm ou fin ranpli pwosesis enskripsyon an.

Peman pou Kan Ete ak Apre Lekòl

Depi w fin gen yon kontra kan ete ki apwouve epi w ta renmen kòmanse fè peman w ap bezwen retounen nan koneksyon Eleyo <https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/> epi klike sou Explore All Programs. Toude Kontra w pou Apre Lekol ak Kan Ete ap parèt.



Si w ta renmen kòmanse fè peman pou kan ete, klike sou # kont ou, Kan Ete, ak non pitit ou a.

Ou kapab fè peman pou kan ete alavans. Malgre Dènye Fakti a kapab montre kont ou aktyèl, rezon ki fè sa a se paske yo poko prepare fakti ou a pou kan ete a.



Latest Invoice

Your account is current.
Your next due date has not been scheduled yet.


\$ Pay

Pou fè yon peman senpleman klike **\$ Pay**. Ekri montan ou vle peye a, si gen nenpòt kòmantè ki nesèsè, tanpri endike sa nan Nòt Peman yo epi klike *Add to Cart*.

Si w ta renmen tou fè yon peman pou Apre Lekol, klike *Home button* ki anlè agoch epi klike *Explore All Programs* ansuit klike sou nimewo kont pitit ou a, Pwogram Apre Lekol, Non Timoun (yo).



Anba Dènnye Fakti, klike sou *\$ Pay* epi chwazi kantite ou vle peye a, klike sou *Add to Cart*.



Y ap ajoute toude peman yo nan *cartou*. Pou w konplete tranzaksyon w la, klike sou *shopping cart button* ki anlè adwat epi klike *check out*. Swiv enstriksyon yo pou konplete tranzaksyon an.